

# Kesyon Moun Poze Souvan sou 988



Office of  
Mental Health

## Kisa 988 la ye?



988 se nouvo nimewo twachif ki konekte moun ak Liy Nasional pou Prevansyon kont Swisid (National Suicide Prevention Lifeline).

### Sèvis sa a se pou nenpòt moun ki:

- anvi touye tèt li
- ki fè yon kriz ki gen rapò ak sante mantal oswa itilizasyon alkòl ak dwòg
- k ap viv nenpòt kalite detrès emosyonèl

988 se plis pase yon senp nimewo. Se yon koneksyon dirèk pou w resewwa swen avèk konpasyon epi ki aksesib. Lè w rele, voye tèks oswa tchat nan 988, ou konekte ak yon ekip konseye ki resewwa fòmasyon, ki fè pati rezo Liy Nasional pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline). Lè w pase nan 988 sa pa vle di nimewo 1-800-273-8255 la disparèt. Itilizasyon nenpòt nan nimewo sa yo ap bay moun yo menm sèvis yo.

## Poukisa nou bezwen 988 la?



Sante mantal enpòtan menm jan ak sante fizik. Kounye a gen yon nimewo twa chif pou ijans sante mantal ki fasil pou w sonje!

### 988 la ede New York:

- Konekte ak moun ki ap lite ak pwoblèm sante konpòtmantal (sante mantal ak/oswa itilizasyon alkòl ak dwòg) kou sa posib, chak jou 24 sou 24.
- Diminye itilizasyon lapolis ak lòt resous sekirite pou granmesi nan rezoud kriz.
- Reponn ak bezwen k ap ogmante pou entèvansyon nan rezoud kriz kote sa pi nesesè.
- Chanje mantalite sou moun k ap lite ak sante mantal yo.
- Diminye depans pou sante yo gras ak yon entèvansyon rapid ki pi rantab.

## Èske y ap ofri sèvis yo nan lòt lang?



Lifeline bay sèvis telefòn nan sant kriz an dirèk aktyèlman la a nan lang Anglè ak Panyòl epi li sèvi ak Language Line Solutions (sèvis pou ede nan lang) pou bay sèvis tradiksyon nan 150 lòt lang.

Kounye a w ap ka tchat oswa tèks nan lang anglè sèlman.

## Èske sa koute lajan pou yon moun itilize 988?

Kontakte 988 se yon sèvis gratis.

## Kiyès ki kapab kontakte 988?



988 se pou tout moun epi se plis pase yon senp liy pou 'swisid'. **Kontakte 988 si ou:**

- anvi touye tèt li
- fè yon kriz ki gen rapò ak sante mantal oswa itilizasyon alkòl ak dwòg
- k ap viv nenpòt kalite detrès emosyonèl
- enkyete konsènan yon moun ki an detrès.

988 se pou moun tout laj, tout sèks, tout orijin etnik, tout ras, tout reliyion, tout oryantasyon seksyèl epi tout nivo ekonomik. Si ou se yon veteran oswa yon moun ki pale Panyòl, 988 gen liy pou ou espesyalman.

## Kisa k ap Pase lè mwen kontakte 988?



Lè ou kontakte 988, y ap transfere w nan yon sant lokal pou kriz Lifeline selon kòd zòn ou an. Yon konseye ki jwenn fòmasyon pral reponn ou epi tande kijan pwoblèm ou an afekte ou. Apre sa y ap ba w sipò epi pataje resous avèk ou si sa nesesè. Si yon sant lokal pou kriz pa ka pran apèl ou a, y ap transfere w dirèkteman nan yon sant kriz nasional ki la an bakòp. Tout kontak ak 988 fèt si moun nan vle (li pa obligatwa).

## Ki diferans ki genyen ant 988 ak 911?



988 bay yon aksè fasil nan rezo Liy Nasional pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline network) ak resous ki gen rapò ak kriz yo. Sa a diferan ak 911, kote yo konsantre sou deplwaye Sèvis Medikal nan ka ljans , ponpye ak lapolis, selon sa ki nesesè. Objektif 988 la se satisfè bezwen pou swen nan moman kriz ki gen rapò ak swisid ak sante mantal k ap ogmante nan peyi a.

## Plis enfòmasyon sou 988:



## Pou w mande tradiksyon dokiman sila a:

